



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MODÈNIZASYON DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI KI ABÒDAB KI KOUTE 57 MILYON DOLA A NAN BUFFALO

Reyabilitasyon sibstansyèl nan McCarley Gardens Apartments pral prezève abòdabilite, amelyore efikasite enèji ak sekirite pou 149 fanmi ki gen revni fèb

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmanse yon reyabilitasyon konsiderab 57 milyon dola nan yon devlopman lojman abòdab nan anba lavil Buffalo. Renovasyon yo planifye nan McCarley Gardens Apartments lan pral amelyore efikasite enèji ak amelyore kalite lavi jeneral pou 149 fanmi pandan y ap prezève lwaye abòdab.

"N ap travay san pran souf pou agrandi lojman abòdab ki nesèsè anpil nan tout Eta New York, epi nouvo amelyorasyon lojman sa a pral ede ranfòse kominote Buffalo a epi pèmèt Nouyòkè yo viv san danje epi yon fason dirab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè tankou McCarley Gardens Apartments se yon pati enpòtan nan angajman administrasyon mwen an pou bay kay modèn epi ki abòdab, epi pou bati nan direksyon yon avni ki pi pwospè pou fanmi k ap travay di yo nan Buffalo ak odela."

McCarley Gardens Apartments fè pati gwo plan Gouvènè Hochul la pou fè lojman pi abòdab, ekita ak pi estab. Ane sa a, Eta a pare pou l atenn objektif Plan Lojman aktyèl li a pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab ak 6,000 kay ak sèvis sipò. Gouvènè Hochul ap bati sou efò ki pote siksè sa a ak yon pwopozisyon pou yon nouvo Plan Lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay anplis nan zòn iben ak riral yo toupatou nan New York ki gen ladan 10,000 kay ak sèvis sipò.

McCarley Gardens Apartments genyen 21 batiman ki gen fòm kay an ranje ki te konstwi an 1978, kounye a ki bezwen amelyorasyon. Nan kad pwojè reyabilitasyon an, yo pral konstwi kat lòt batiman an ranje ki gen de etaj sou kanpis la.

Lè travay la fini, devlopman an pral ofri 27 apatman ki gen de chanm, 94 apatman ki gen twa chanm ak 28 apatman ki gen kat chanm. Tout 149 apatman yo abòdab pou fanmi ki gen revni ki nan 60 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

Dimansyon renovasyon yo pral enkli enstalasyon nouvo kwizin ak aparèy, amwa, ak kontwa modènize; nouvo enstalasyon pou twalèt a fèb debi; ak amelyorasyon kosmetik

ki gen ladan nouvo planche ak nouvo penti. Travay sou sit la pral gen ladan ranplasman liy tanpèt ak egou, repavaj zòn pakin, nouvo twotwa, ak amenajman peyizaj.

Pou amelyore efikasite enèji, chak batiman pral resevwa izolasyon modènize, nouvo fenèt, aparèy nan echèl Energy Star, ak chodyè ki gen gwo efikasite ak chofez kote sa nesèsè. Yo prevwa renovasyon yo pral diminye itilizasyon enèji an jeneral nan apeprè 29 pousan.

Ekipman rezidansyèl yo gen ladan pakin gratis pou rezidan yo, yon lakou rekreyasyon, ak yon chanm kominotè ki mezire 900 pye kare.

Kanpis McCarley Gardens lan toupre Kanpis Medikal Buffalo Niagara ak distri biznis santral Buffalo a epi li pral sèvi travayè esansyèl Buffalo yo ak opsyon lojman bon jan kalite ki sitiye a kèk pa ak espas travay yo.

Ekip devlopman an se St. John's Baptist Church, BFC Partners ak Sinatra & Co. Real Estate. Finansman Eta enkli 10.2 milyon dola obligasyon pèmanan ki gen egzanpsyon fiskal; Kredi enpo Federal sou Lojman ki jenere 24.3 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 9 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York (New York State Homes and Community Renewal). Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pral bay 94,500 dola pou sipò. Yo bay plis finansman atravè dèt sibòdone ak yon frè pwomotè difere.

Komisè HCR RuthAnne Visnauskas te deklare, "Konstwi yon New York ki pi ekitab kòmanse ak elaji aksè ak lojman abòdab ak anpil opòtinite yon bon kay ka ofri. Avèk investisman 57 milyon dola sa a nan McCarley Gardens Apartments, n ap kreye yon anviwònman pou moun viv ki pi an sante, ki pi an sekirite epi ki pi konfòtab pou 149 fanmi, ki pral benefisye tou bòdwo enèji ki pi ba yo, ekipman modènize yo, ak aksè fasil pou transpò nan anba lavil la. Patenarya nou yo ak kominote relijye Buffalo a, ki gen ladan St. John's Baptist Church, te enpòtan nan efò nou pou nou bay bon jan kalite kay abòdab ak sèvis esansyèl atravè vil la. Nou rekonesan pou sipò yo, ak paske nou gen yon lidè tankou Gouvènè Hochul, ki konprann ke pwoteje ak prezève devlopman lojman ki egziste deja esansyèl pou mete fen nan ensekirite lojman yon fwa pou tout."

Donald Capoccia, Direktè BFC Partners, te deklare, "Nou kontan dèske nou kòmanse travay sou pwojè enpòtan sa a jodi a. McCarley Gardens se yon pati entegral nan kominote Buffalo pou plis pase karant ane epi atravè patenarya nou ak St. Johns, nou kapab asire ke li kontinye sèvi rezidan ki la depi lontan yo ak fiti fanmi yo pou jenerasyon k ap vini yo ak pri lwaye abòdab. Nou pran angajman pou nou koute rezidan McCarley Gardens yo epi n ap tann pou nou travay avèk yo sou pwojè kominotè sa a."

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan NYSERDA, te deklare, "Amelyorasyon yo te fè nan Apatman McCarley Gardens yo se yon lòt egzanp angajman Gouvènè Hochul pou bay Nouyòkè ki gen revni fèb yo aksè ak lojman abòdab ki enkòpore mezi dirab - soti nan aparèy ki efikas an enèji rive nan amelyorasyon nan anvlop batiman ak enèji solè pwòp - ki pral amelyore kalite lè a epi

redwi depans pou rezidan yo. NYSERDA kontan wè pwojè sa a kòmanse ak demontre ke nou ka reyabilite batiman ki egziste deja nou yo pou ogmante konfò ak diminye emisyon, epitou pou asire ke nouvo konstriksyon yo pratik pou klima ak aksesib pou tout Nouyòkè yo."

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, "Elaji ak kenbe aksè ak lojman abòdab gen yon enpòtans kapital, espesyalman pou moun k ap travay di yo nan Buffalo ak nan Rejyon Lwès New York. Sa a fè pati kantite pwojè lokal k ap grandi k ap itilize kredi enpo federal yo pou moun ki gen revni fèb yo pou ofri bon jan kalite opsyon pou viv ak yon pri rezonab ki ede kontribye nan rann fanmi ki pi solid ak yon kominote ki vibran."

Senatè Tim Kennedy te deklare, "New York rete angaje pou li envesti nan opòtinite lojman abòdab ki alafwa se modèl ki reyalizab ak dirab. Mwen kontan wè reyabilitasyon konplèt McCarley Gardens lan avanse, epi mwen pa ka tann pou mwen wè pwojè kominotè sa a amelyore kalite lavi pou alafwa rezidan ki la depi lontan yo ak jenerasyon k ap vini yo."

Lidè Majorite Asanble Eta New York la, Crystal Peoples-Stokes, te deklare, "Reyabilitasyon 56 milyon dola pou McCarley Gardens nan Buffalo's Eastside se yon reyabilitasyon ke yo t ap andepi lontan epi li pral ofri kay modènize abòdab pou rezidan vil yo, k ap sèvi kòm yon egzanp briyan angajman Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la pou revitalize kominote nou an. Mwen bat bravo pou BFC Partners, St. John Baptist Church, Sinatra & Co, ak moun ki gen enterè nan kominote a ke lidèchip yo te kontribye pou fè pwojè kominotè sa a vin yon reyalite".

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Lojman abòdab enpòtan pou ekonomi nou an ak kominote nou an epi li kontribiye nan vitalite anba lavil la. Envestisman 57 milyon dola sa a nan apatman McCarley Gardens yo pral amelyore ak modènize rezidans sa yo, ki sitiye tou pre Kanpis Medikal Buffalo Niagara a, epi tou ajoute plis lojman nan sit la pandan y ap amelyore efikasite enèji".

Majistra Byron W. Brown te deklare, "Sa a se yon pwojè fòmidadab ki pral bati sou efò kontinyèl Administrasyon mwen an ap fè pou kreye inite lojman ki pi atiran, ki an sekirite ak abòdab nan Vil Buffalo. Vil la kontan pou kontribiye nan pwojè McCarley Gardens Apartments lan ak apeprè 1 milyon atravè Ajans Renouvèlman Iben Buffalo (Buffalo Urban Renewal Agency) a. Mwen remèsye ekip devlopman ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la pou vizyon ak envestisman yo nan ekspansyon ak modènizasyon konplèks lojman katye Fruitbelt sa a".

###